# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–25 मई 2024 भोजपुरी समाचार

सात फेरा में हो रहल लोकसभा चुनाव क छठवां फेरा में आजु प्रेदश क चउदह संसदीय सीटिनि सुल्तानपुर, प्रतापगढ़, फूलपुर, प्रयागराज, अम्बेडकर नगर, श्रावस्ती, डुमरियागंज, बस्ती, संतकबीरनगर, लालगंज, आजमगढ़, जौनपुर, भदोही अउर मछलीशहर में कडेर सुरक्षा के बिच्चे मतदान सम्पन्न हो गइल।

मतदान क परक्रिया सबेरे सात बजे से सुरू भइल। येह संसदीय क्षेत्रन में संझा छौ बजे ले जेतना मतदाता बूथन पर लाइन लगवले रहलें ओहू लोगिन क मतदान करावल गइल। आज प्रदेस क जवन चउदह संसदीय सीटिनि पर ओट परल ओइजा कुल एक सौ बासठ ओम्मेदवार चुनाव मैदान में हवे। जवना में एक सौ छियालिस पुरूष ओम्मेदवार, अउर सोरह महिला ओम्मेदवार हइनि। अजुए बलरामपुर क गैसड़ी विधानसभा सीटि क उपचुनावों बदे ओट परल सथहीं फर्रूखाबाद लोकसभा सीटि के अलीगंज विधानसभा क्षेत्र क प्राथमिक विद्यालय खिरिया पमारान मतदेय स्थल पर पुनर्मतदानो भइल।

चुनाव आयोग से मिलल आंकड़ा के हिसाबि से आजु संझा पांच बजे ले सुल्तानपुर में तिरपन दसमलव पांच आठ, प्रतापगढ़ में ओन्चास दसमलव पांच आठ फूलपुर मे करीब छियालीस, प्रयागराज में करीब ओन्चास, अम्बेडकर नगर में ओन्सठ दसमव आठ सुन्न, श्रावस्ती में एक्यावन दसमलव सुन्न आठ, डुमरियागंज में पचास दसमलव छौ पांच, बस्ती में करीब पचास, संतकबीरनगर मे एक्यावन दसमलव पांच, लालगंज में बावन दसमलव आठ एक, आजमगढ़ में चउवन दसमलव दुइ तीनि, जौनपुर मे बावन दसमलव पांच दुइ, भदोही में पचास दसमव छौ नौ और मछलीशहर में इक्यावन दशमलव शून्य आठ प्रतिशत मतदान हुआ। वहीं, बलरामपुर के गैसड़ी विधानसभा सीट के उपचुनाव के लिये ओन्चार दसमलव तीनि सात फीसदी वोट डाले गये।

**********

लोकसभा चुनाव क सतवां अउर आखिरी फेरा क तेरह सीटिनि बदे चुनाव परचार जोरिया गइल हौ। सीनियर भाजपा नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु चन्दौली में भाजपा ओम्मेदवार डॉक्टर महेन्द्रनाथ पाण्डेय के पक्ष में एगो जनसभा के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि मोदी सरकार में गरीब कल्याणकारी योजनन क रेकार्ड बनल। आजु देस में आतंकवाद अउर नक्सलवाद खतम हो गइल हौ। देस विकास के जतरा में तेजी से आगे बढ़ि रहल हौ। उहां के कहलीं कि केन्द्र में फेर से सरकार बनले के बाद सत्तर बरिस से बेसी उमिरि क सज्जो लोगिन के आयुष्मान कार्ड से कवर कइल जाई। गोरखपुर में समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव अउर कांग्रेस पारटी क महासचिव प्रियंका गांधी इंडी गठबंधन क ओम्मेदवारन के समरथन में जनसभा कइलीं। उहां के अरोप लगवलीं कि मौजूदा सरकार में सत्तर करोड़ लोगि बेरोजगार हवें। उहां के कहलीं कि चारो ओरि संकट अउर संघर्स हौ। सपा मुखिया अखिलेश यादव दावा कइलें कि गोरखपुर अउर आसपास के क्षेत्रन से जवन सनेसा मिलि रहल हौ ओहसे लगि रहल हो कि येह बेरि हमहने क जीति होई। उहां के आरोप लगवलीं कि पछिला दस सालि में सरकार क हर बाति अउर दावा झूठ निकरल हौ।

बहुजन समाज पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष मायावतियो आजु गोरखपुर में बसपा ओम्मेदवार के पक्ष में जनसभा कइलीं। उहां के आरोप लगवलीं कि कांग्रेस अउर भाजपा के साथे–साथ सज्जो बिपक्षी दलन क घोसणा पत्र हवा–हवाई हौ। उहां के कहलीं कि बिपक्षी दल पूंजीपतियन अउर उद्योगपतियन के बढ़ावा दे रहल हवें।

भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री बलिया लोकसभा सीटि से भाजपा ओम्मेदवार नीरज शेखर के पक्ष में भी चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें। ओहीं भाजपा नेता अउर उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य कुशीनगर जिला में भाजपा ओम्मेदवार शशांक मणि त्रिपाठी के समरथन में जनसभा कइलें। आखिरी समाचार मिलले ले भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी चुनावी जनसभा बदे गाजीपुर पहुंचि गइल हवें। ओहर, कांग्रेस महासचिव प्रियंका गांधी अउर सपा नेता डिम्पल यादवो बनारस में रोड–सो बदे पहुंचि गइल हइनि।

**********

अजोध्या क राम मंदिर हाता में अब अति बिसिस्ट लोगियो मोबाइल नाहीं ले जा पइहें। राम मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्रा क अध्यक्षता में काल्हि भइल राम मंदिर निर्माण क प्रगति सम्बन्धी समीक्षा बइठकी में ई फैसिला लिहल गइल। बइठकी के समय मंदिर हाता में मोबाइल ले गइले पर पुरहर रोकि लगा दिहल गइल हौ। बइठकी के बाद राम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क सदस्य डॉक्टर अनिल मिश्र मंदिर निरमाण क प्रगति के बारे में विस्तार से जनकारी दिहलें। येह बिच्चे अजोध्या में पर्यटन के बढ़ावा देवे बदे गुप्तारघाट पर अजोध्या विकास प्राधिकरण क कोसिस अउर नीलमय संस्था क सहजोग से पंचवटी द्वीप अउर राम अनुभव केन्द्र बनावल गइल हौ। एकर लोकारपण मण्डलायुक्त गौरव दयाल काल्हि कइलें। उहां के बतवलीं कि येह परियोजना के साकार भइले से नदियन पर आश्रित रहे वाले लोगिन के रोजिगार मौका मिली।

**********

अजोध्या जिला के बीकापुर कोतवाली थान्हा क्षेत्र में प्रयागराज हाइवे पर शेरपुरा के लग्गे आजु एगो टैम्पू ट्रेवलर अउर ट्रक क टक्कर में तीनि सरधालुअन क मउति हो गइल। दुरघटना में घाही भइल चउदह सरधालुअन के इलाज बदे दर्शननगर क मेडिकल कॉलेज में भरती करावल गइल हो। कर्नाटक राज्य के गुलबर्गा क रहे वाले बाइस सरधालु बनारस से टैम्पू ट्रेवलर के जरिये अजोध्या में दरसन–पूजन बदे आवत रहलें।

**********